



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS
Special Education Hearings Division

66 John Street, 11th Floor
New York, NY 10038
Tel: (212) 436-0821
Email: sehd@oath.nyc.gov

MANDA POU BAY DOKIMAN

ONON PÈP ETA NEW YORK LA:

POU:

OBJÈ:

Non elèv la	
Nimewo dosye a	
Dat elèv la fèt	
NYC ID/OSIS	

Papye sa a se pou ba ou lòd remèt dokiman ki annapre yo anvan biwo fèmen nan dat _____ bay
moun ki gen kowòdone li yo pi ba a :

REMÈT BAY:

Non	_____
Biznis, kabinè avoka, òganizasyon, elatriye	_____
Liy adrès 1	_____
Liy adrès 2	_____
Adrès imèl	_____
Nimewo telefòn	_____
Nimewo faks	_____

Si ou pa bay dokiman yo, y ap konsidere ou koupab vyolasyon Règleman Komisè Edikasyon Eta New York la, e w ap sibi sanksyon ki genyen pou sa yo.

Si ou gen kesyon oswa bagay k ap trakase ou sou manda sa a, tanpri kontakte moun ki voye manda sa a anvan. Si moun ki voye manda a pa ka reponn kesyon w yo oswa pa ka rezoud sa k ap trakase ou yo, tanpri kontakte Ajan Odyans Enpasyal (Impartial Hearing Officer, IHO) ki gen kowòdone li pi ba a.

Siyati moun k ap fè demann nan	_____	Siyati IHO a	_____
Non	_____	Non IHO a	_____
Dat	_____	Dat	_____

ENSTRIKSYON

Yon «manda pou bay dokiman» se lòd Ajan Odyans Enpasyal la ki egzije pou yon moun oswa yon òganizasyon remèt ou dokiman. Ou gen dwa pou w mande dokiman ki gen pou wè ak dosye w lan. Lè ou fin fè demann nan, lòt pati an gen dwa di li pa dakò, oswa Ajan Odyans Enpasyal la gen dwa limite dokiman lòt pati an gen pou bay yo. Seksyon sa a eksplike kijan pou w ranpli fòmilè «manda pou bay dokiman» OATH la.

Seksyon «Pou» a

Sou premye liy nan, mete non moun, lekòl, oswa òganizasyon ou vle resevwa dokiman nan men li an. Mete adrès postal li, adrès imèl li, nimewo telefòn li, ak lòt kowòdone yo sou lòt liy yo.

Seksyon «Objè» a

Sou premye liy nan, mete non elèv la. Sou dezyèm liy nan, mete nimewo dosye w la. Sou twazyèm liy nan, mete dat nesans elèv la. Sou katyèm liy nan, mete nimewo idantifikasyon elèv la (yo rele li tou nimewo OSIS oswa nimewo NYC ID).

Seksyon «Papye sa a se pou ba ou lòd» la

Nan seksyon sa a, w ap chwazi dènye delè pou lòt pati an voye dokiman yo ba ou. Sou premye liy nan, klike sou espas vid la ki apre «anvan biwo fèmen nan dat». W ap wè yon flèch pwente anba parèt. Klike sou flèch pwente anba a epi w ap wè yon kalandriye parèt. Chwazi yon dat ki bay moun nan, lekòl la, oswa lòt antite a kont tan pou li jwenn dokiman yo epi voye yo pou ou. Dat ou chwazi a dwe ba ou kont tan tou pou w resevwa dokiman yo epi gade yo anvan odyans la.

Rektang pou Ranpli an

Chèche rektang ki anba seksyon «Papye sa a se pou ba ou lòd» la. Nan rektang sa a, mete lis dokiman w ap mande yo. Klike andedan rektang nan epi kòmanse tape. Ou dwe bay non dokiman presi epi oswa dat dokiman an oswa yon entèval tan. Paregzanp, ou ka mande «IEP 26 me 2022» a, «tout IEP yo te kreye ant fevriye ak me 2022» oswa «tout evalyasyon yo te fè apre janvyè 2021».

Seksyon «Remèt bay» la

Seksyon sa a di moun k ap voye dokiman yo ba ou a ki kote pou li voye yo. Mete kowòdone pa ou, sa gen ladan non ou ak òganizasyon ou (si ou gen youn). Mete tout kowòdone ou kapab: adrès postal, adrès imèl, nimewo telefòn, ak nimewo faks.

Seksyon Siyati an

Siyen non ou sou liy ki sou kote li make pou w siyen an. Pou sèvi ak yon «siyati nimerik», klike sou etikèt wouj ki sou kote «Siyati moun k ap fè demann nan» epi suiv etap yo. Si ou vle, ou ka enprime dokiman an tou epi siyen li ak plim. Tape oswa ekri non ou klè sou liy ki sou kote «Non» an. Sou liy ki sou kote «Dat» la, tape oswa ekri dat ou ranpli fòmilè a.

Voye Manda a bay Ajan Odyans Enpasyal la ak lòt Pati an

Voye manda a pa imèl (oswa pa lapòs) bay Ajan Odyans Enpasyal yo mete sou dosye w la e bay reprezantan oswa avoka lòt pati an nan dosye a. Ajan Odyans Enpasyal la ap li manda a, l ap chèche konnen si lòt pati an gen bagay li pa dakò, e l ap deside apwouve, refize, oswa chanje manda w lan. Si Ajan Odyans Enpasyal la apwouve manda w lan, l ap voye yon kopi siyen ba ou.

Remèt Manda a

Lè Ajan Odyans Enpasyal la fin siyen manda w lan, ou dwe «remèt» manda a bay moun/òganizasyon ki gen dokiman yo. Ou ka fè sa pa lapòs, pa imèl, oswa an pèsonn.

Si ou se yon Paran k ap mande Depatman Edikasyon an (Department of Education, DOE) dokiman, ou ka voye manda a bay avoka oswa reprezantan DOE yo mete sou dosye w la epi mande li remèt (voye) manda a. Si ou se yon reprezantan DOE k ap mande Paran an dokiman, ou ka voye manda a bay avoka paran an epi mande li remèt manda a.